



CITIZENS' INDEPENDENT

TRANSPORTATION TRUST

ETE/OTÒN 2022

MOVING
FORWARD

MIAMI-DADE
COUNTY

Mesaj Prezidan an



Gwooup Transpò Endepandan Sitwayen ("CITT" oswa "Trust") ak patnè li yo kontinye fè pwogré konsiderab nan avansman sou plizyè nouvo pwogram ak pwojè transpò publik.

Otòn sa a, CITT va lanse nouvo Pwogram Anbasadè CITT a. Nou aktivman ap rekrite pasaje transpò ki vwayaje souvan, ki pasyone pou amelyore sistèm transpò publik nou an, pou yo ka enskri nan lansman pwogram sa a. Nou kontinye ap chèche tou nouvo Manm pou Trust la. Antanke Prezidan CITT, youn nan pi gwo priyrite mwen se wè chak chèz nan CITT ranpli pou tout kominate nou an ka byen reprezante nan Trust nou an.

Si w enterese sèvi kòm Manm volontè Trust la oswa Anbasadè CITT, tanpri vizite sit entènèt nou an nan www.miamidade.gov/citt epi klike sou 'Rekritman Mamm' oswa 'Pwogram Anbasadè CITT' pou w jwenn plis enfòmasyon epi aplike.

Nou te travay tou avèk patnè transpò nou yo pou bay solisyon mobilite pou rezidan nou yo nan konte a. Nan komansman ane sa a, nou te travay avèk Amtrak ak Depatman Transpò Florid (FDOT) pou rekòmanse diskisyon pou pote sèvis Amtrak ki te planife depi lontan nan Sant Entèmodal Miami, epi nou te suiv avèk anpil atansyon pwogré plizyè pwojè SMART Plan.

Pandan nou ap apwoche anivèsè 20 ane Plan Transpò Pèp la (PTP) nan mwa novanm sa a, nou ap reflechi sou anpil reyalizasyon ki fèt jiska prezan, pandan nou ap reyafime angajman nou pou nou reyalize pwojè, pwogram ak sèvis transpò ke kominate nou an egzije epi ke li merite.

Oscar J. Braynon, Prezidan
Gwooup Transpò Endepandan Sitwayen

Fè yon diferans kòm yon Anbasadè CITT

Gwooup Transpò Endepandan Sitwayen (CITT) ap chèche Anbasadè volontè ki vle angaje avèk CITT nan amelyore sèvis transpò publik nan kominate nou an.

Yo va mande Anbasadè CITT yo, ki se pasaje regilye transpò publik, pou yo bay opinyon ak sijesyon yo, rapòt obsèvasyon yo, pataje mesaj sou rezo sosyal yo, epi patisipe nan gwooup fokis yo.



An echanj pou angajman yo, Anbasadè yo va resevwa pwen ki ka itilize nan divès sèvis mobilite, tankou pas transpò publik, vwayaj pataje, woulib bisiklèt, elatriye.

Si w pran transpò publik regilyèman epi ou ta renmen vin yon Anbasadè CITT, vizite sit entènèt CITT a nan www.miamidade.gov/citt epi klike sou 'Pwogram Anbasadè CITT' pou w aplike.

Ou ka rele tou **786-334-8128** oswa voye yon imel nan: cheryl.mizell@miamidade.gov pou w ka jwenn plis enfòmasyon.

CITT Ankouraje Amtrak pou li sèvi Sant Entèmodal Miami



Nan komansman ane sa a, CITT te voye yon lèt bay ekzekitif Amtrak pou ankouraje yo pwolonje Sèvis Silver Meteor/Silver Star Intercity Passenger Rail Service la pou ale nan tèminal Sant Entèmodal Miami (MIC) nan Ayewopò Entènasyonal Miami.

Lè MIC te bati, li te konstwi pou akomode sèvis Metrorail ak Metrobus, sèvis Tri-Rail, sèvis Intercity Bus ak lòt sèvis transpò, tankou Amtrak. Malerezman, plizyè ane depi MIC ouvri, sèvis Amtrak poko pwolonje nan MIC.

Gras ak ankourajman CITT, ak efò Depatman Transpò Florid (FDOT), Amtrak ap fè kèk pa annavan ankò nan bay MIC sèvis, jan nou wè nan yon lèt repons ki te ale jwenn CITT.

Pou w li tou de lèt yo, vizite: www.miamidade.gov/citt/documents.asp.

Pwogrè ap kontinye sou koridò sid la

Nan kòmansman ane sa a, Depatman Transpò ak Travo Piblik Konte Miami-Dade te bay CITT mizajou sou konstriksyon 14 estasyon Metrobus sou Koridò Sid la, ansanm ak enfòmasyon sou yon enstalasyon Park & Ride nan SW 168th Street ak South Dade TransitWay, plan pou Developman Oryante Transpò (TOD) ak lòt pwojè sou koridò a.

Apeprè 37 poustan nan konstriksyon pwojè Koridò Sid BRT a fini kounye a, avèk abri estasyon yo ki deja bati nan estasyon Marlin ak Civic Center.

Nan enstalasyon Park and Ride nan SW 168th Street, piblik la va jwenn apeprè 645 espas pakin, yon zòn pou bisiklèt, zòn pou rechaje veyikil elektrik, elatriye.

Fen Koridò Sid la te pwolonje jiska prentan 2024 akòz yon mank materyèl, tankou fib ki nesesè pou sistèm komunikasyon.



Manm Transportation Trust

Oscar J. Braynon, Prezidan
Alfred J. Holzman, Premye Vis Prezidan
Robert Wolfarth, Dezyèm Vis Prezidan
Onorab Peggy Bell
*Joseph Curbelo
Meg Daly
Qjuezari Harvey

*Paul J. Schwiep, Esq.
L. Elijah Stiers, Esq.
Mary Street, Esq.
Ernie Thomas

*Ansyen Prezidan



Gwoup Transpò Endepandan Sitwayen

Stephen P. Clark Center • 111 NW First Street
Miami, Florida 33128-1994
305-375-1357 • www.miamidade.gov/citt

Minisipalite Biscayne Park ap ofri sèvis Freebee kounye a

Pandan Ete sa a, Minisipalite Biscayne Park te lanse ofisyèlman nouvo sèvis sou demann li an patenarya avèk Freebee.

Se Depatman Transpò Florid (FDOT), lajan Eta Distrik Sis ak fon taks siplemantè Plan Transpò Pèp Minisipalite a ki finanse nouvo sèvis gratis sou demann sa a. Apeprè 23% nan tout fon taks siplemantè yo ale jwenn 33 minisipalite ki elijib pou resevwa fon PTP.



Pami sa yo, 30 minisipalite itilize fon taks siplemantè yo pou bay sèvis transpò piblik. Minisipalite yo bay sèvis transpò atravè sikilatè ak sèvis sou demann, tankou Freebee, oswa yon kombinezon tou de.

Sèvis sa a gen objektif pou konekte rezidan yo avèk destinasyon ak sèvis esanyèl yo, epi li va bay yon lyezon enpòtan premye/dènye mil nan pwochen Koridò Nòdès SMART Plan an.

Pou w mande vwayaj gratis ou a, ou ka telechaje aplikasyon Freebee a sou telefòn entelijan ou epi mande li atravè aplikasyon an. Oswa si w pa kapab jwenn aksè nan aplikasyon an, ou ka make yon veyikil Freebee ki disponib, oswa rele 855-918-3733.

CITT lanse emisyon "Mobility Matters"

CITT DISCUSSES MOBILITY MATTERS

CITIZENS' INDEPENDENT TRANSPORTATION TRUST

Catch a replay of CITT Exec. Dir. Javier A. Betancourt's discussion with CITT Chair Oscar J. Braynon when they talk about transit & mobility priorities in Miami-Dade County, particularly in District 1.

Watch the entire interview on CITT's Facebook page at: CITIZENS' INDEPENDENT TRANSPORTATION TRUST

Ete sa a, CITT te lanse yon emisyon an dirèk – Mobility Matters – kote animatè li a, Direktè Egzekitif CITT Javier A. Betancourt, ak envite li yo diskite sou divès sijè mobilite ak transpò, tankou pwojè, pwogram ak politik transpò piblik.

Emisyon sa a prezante yon melanj ofisyèl transpò, lidè endistri ak ekspè, lidè komunitè, ak senp sitwayen ki enterese nan mobilite ak transpò.

Yo pwodui Mobility Matters an patenarya avèk Miami's Community Newspapers e yo emèt an dirèk chak 2 jedi, apati 10 am jiska apeprè 11 am, atravè Facebook Live.

Premye emisyon an, ki te prezante Prezidan CITT Oscar J. Braynon kòm envite, te pase jedi 25 out 2022.

Moun ka jwenn emisyon 25 out la, ak tout emisyon ki ap vini yo sou paj Facebook CITT nan Citizens' Independent Transportation Trust. Ou ka suiv CITT sou Twitter tou nan @GoCITT pou anons emisyon ke va gen pou fèt.

Pou plis enfòmasyon sou Plan Transpò Pèp la ak Transportation Trust la, vizite www.miamidade.gov/CITT.

f t i Renmen nou sou Facebook CITIZENS' INDEPENDENT TRANSPORTATION TRUST • Suiv nou sou Twitter @GoCITT • Suiv nou sou Instagram @transportationtrust

Pou w jwenn enfòmasyon sa yo nan fòma aksesib, tanpri rele 305-375-1326.